## 1 ВАРИАНТ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах лаьтташ бу, шена чохь 9 тIедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

1-чу декъана йукъадогIу цхьа тIедиллар. Иза **ладоьгIначу текстан буха тIехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугIу.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

2-гIа дакъа лаьтта 7 тIедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тIедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тIехь**.

2-8-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тIедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тIе сиз хьакхий, йуххехь керла жоп дIайазде.

3-чу декъан тIедиллар кхочушдо 2-чу декъан тIедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тIехь**.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тIедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) **цхьаъ** харжа. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугIатах пайдаэца.

ТIедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тIехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тIедахкаршна йаьхна йерриг а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тIедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 60 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Аренан некъан тачанах хIун хиллера?
2. Муха кхоьлира буьйса?
3. Говр муьлхачу агIор гIертара?
4. СаIида хIун сацам бира?
5. Муха цIа кхачийра СаIид говро?

## 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)Жимма хьалха хIора дитта тIехь хаалуш хилла цхьадолу олхазарш бовхачу махка дIадаханера. (2)Хьаннашкий, йалташ дийначу аренашкий хьийзина къийгаш а, хьозий а йуьрта схьакхелхинера. (3)Гена доцуш гора гIа доьжча макхделла хьаннийн лаьмнаш. (4)Гуттар дехьа къиэгара дато басахь цкъа а ло дешаш доцу башлаьмнийн кортош.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДIайазйе цуьнан лоьмар.

1) олхазарш дIадаханера (1-ра предложени)
2) хьийзина къийгаш (2-гIа предложени)
3) макхделла лаьмнаш (3-гIа предложени)
4) къегара дато басахь ло (4-гIа предложени)

Жоп ____________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

*Йекхначу стигалхула (1) меллаша дIаоьхура кIайн мархаш. ХIаваъ этIош (2) дIасауьдура маса чIегIардигаш. Тхуна уллерчу дитташ тIера (3) цхьадолу кхокхий (4) хьала а гIуьттуш (5) цхьанхьа-м дIадоьлхура. Кхидерш (6) лаьмнаш долчу агIорхьара (7) схьа а оьхуш (8) дитташ тIе хуьйшура.*

Жоп ____________________________________________________

4

***Синтаксисически анализ.***

Предложенера **кхачам** схьайазбе.

**Вай, олхазарийн а, дерриг Iаламан а доладеш, цаьрца къинхетаме хила ма деза.**

Жоп ____________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **ЦА ТЕШАР** – «ЦА» дакъалг масдарца къаьстина йаздо.
2) **ДАП-АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тIеккхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.
3) **ЛОХА** – хьалхарчу спряжени чудогIучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.
4) **ВЕДАНА** – долахь цIердешнаш жимачу элпаца йаздо.

Жоп ____________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Хьехархочунна Асет Алиевнина ша пхоьалгIачу «А» классана чоьхьайоллушехь хиира бераша цхьаъ-м динийла: кIант а, йоI а бен а доцуш, массо а цхьа тап-аьлла, меттахъхьар а доцуш, тийна Iара.

– (2)Де дика дойла шун, бераш! – элира кхуо, класса чухула дIаса а хьаьжна. (3)Класс цхьабосса хьалагIаьттира:

– (4)Хьан а дойла де дика, Асет Алиевна! – олуш.

(5)Йуха хIокхо, шен стоьла хьалха дIа а йахана, журнал а карахь, охьахаа ша аьлла, стоьла бухара гIант схьаоззошехь, шина-кхаа йоIе мохь белира:

– (6)Асет Алиевна, и гIант кагдина ду хьуна! – олуш.

(7)Вуьш бераш а дара, багош а гIаттийна, гIант кагдина бохург шайна дуьххьара хезаш санна, цеце хьоьжуш. (8)Кхуо гIант меллаша схьауьйзира. (9)Хьалхара цхьа ког гарабелира гIантан, кхуо гIант кхин а сехьадаьккхича, гIарт-аьлла ког охьа а бужуш. (10)ГIант шен кагбеллачу когаца неIарна йуххе дIа а даьхьна, стоьла йуххе схьа а йеъна, хIора берана бохург санна, массарна а бIаьра хьоьжуш, саца а йелла:

– (11)ГIант хьан кагдина аш, мила ву гIант кагдинарг? – хаьттира хьехархочо. (12)Класс йист а ца хилира.

– (13)Шайн нана а, да а охьахууш долу гIант, каг а дина, цаьрга хIумма а ца олуш, дуьтур дарий аш? – хаьттира кхуо, йуха а хIора кIантана кIирйелла бIаьра а хьаьжна.

(14)Зудабераш шайн кIенташка дIахьаьвсира, цхьацца-шишша хьожуш. (15)Цхьа кIант – Сулейманов Адам – парггIат хьалагIаьттира, цхьа а хIума ца хилча санна, вохар а йа цIийвалар а доцуш.

– (16)Ас кагдина-кх и гIант, Асет Алиевна, – элира цо.

(17)Хьехархо сацайелира, ша цуьнга хIинца хIун ала деза ца хууш, цу кIентан дукха паргIат хиларо йоха а йина.

– (18)Асет Алиевна, и гIант Адама ца кагдина, ас кагдина, – элира кхечу кIанта, хьалагIоттуш, нийсса хьехархочуьнга дIа а хьаьжна.

– (19)Бакъ дац иза, гIант ас кагдина! – Адам цу кIанте хьаьжира, гIант ша кагдина бохучуьнга.

– (20)Ца кагдина ахьа-м иза, ас кагдина-кх! – элира Саидов Вахас, ша хиъна Iачуьра сехьа а ваьлла.

– (21)Муьлха ву шушиннах гIант кагдинарг, ловзуш-м вац шушиъ, хIан? (22)ХIара дан хIун ду! – аз айдира хьехархочо.

(23)Ваха йуха а вистхилира:

– (24)Асет Алиевна, ишкапа тIехь лаьтташ йолчу глобусе хьажа лууш вара со. (25)Цу тIе кхача гIерташ, гIанта тIе ваьллера. (26)Раздаьлла, кагделира-кх и. (27)Тхан цIахь ду и тайпа гIант, ас хIинцца цIа а вахана, схьадохьу.

(28)Ваха класса чухула дIаволавелира.

– (29)Вухаверза, саца… охьахаа… (30)Адам, хьо а охьахаа, – элира Асет Алиевнас, – охьахаа ший а.

(31)Йуха, классехьа букъ берзош, корехьа дIайирзира, шен костюман кисанара йовлакх буйна а къовлуш. (32)Коре а хьоьжуш, ойлайеш лаьттара хьехархо. (33)Бераш а дара тап-аьлла ладоьгIуш Iаш. (34)Схьайирзича, цуьнан йуьхь оьгIазе ца хийтира берашна.

– (35)ГIант цхьаьний тодийр ду ашшимма урокаш дIайевллачул тIаьхьа, – элира цо кIедачу озаца.

(36)Кхано, урок дIайаьллачул тIаьхьа, хьехархочо, ший а кIант шена тIе а кхайкхина, хьехар дира:

– (37)Адам, дика доттагI ву-кх хьо Вахин. (38)Ваха, хьо а ву, Адам санна, дика кIант, хьайн доттагIчо Адама иштта хаза гIиллакх хьайца хIоттийча, иза кхин а вазви-кх ахь суна а, кху берашна а хьалхахь, хьайн бехк тIе а лоцуш. (39)Иштта хила а беза-кх доттагIий, вон-диких цхьабосса вовшашца доькъуш. (40)Нагахь шегара гIалат даьллехь, и гIалат нисдан хьажа веза.

(Бексултанов М. М.)

6

***Текстан чулацаман анализ.***
«Хьехархо чоьхьайаьлча, класс тийна Iаш хиларан хIун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) Классера дешархочо хьехархочун гIантан ког кагбинера.
2) Хьехархо чоьхьайолучу хенахь класс даима а дIатоьра.
3) Хьехархочух кхоьрура класс.
4) Хьехархочунна хазахетийта дагадеанера классана.

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***
Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) Зудабераш шайн кIенташка дIахьаьвсира, цхьацца-шишша хьожуш.
2) Вуьш бераш а дара, багош а гIаттийна, гIант кагдина бохург шайна дуьххьара хезаш санна, цеце хьоьжуш.
3) Йуха, классехьа букъ берзош, корехьа дIайирзира, шен костюман кисанара йовлакх буйна а къовлуш.
4) – ГIант цхьаьний тодийр ду ашшимма урокаш дIайевллачул тIаьхьа, – элира цо кIедачу озаца.

Жоп ____________________________________________________________

***Лексически анализ.***
37-чу предложенера **«доттагI»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Л.Н. Толстойн **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.
Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Л.Н. Толстойн дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тIехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац…
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай...
3. Масала, текстан... предложенехь...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Иштта хила а беза-кх доттагIий, вон-дикий цхьабосса вовшашца доькъуш»**.
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированех пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу предложенин маьIнех со иштта кхета...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ...предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла...
4. Дерзорехь билгалдоккху...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

).3

Муха кхета хьо **ДОТТАГIАЛЛА** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хуьлу дика доттагI?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **ДоттагIаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах **ноль баллаца** хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ДоттагIалла – иза... Сан кхетамехь...
2. Текстан авторна хетарехь...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.